



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CHINATOWN KÒM GAYAN 20 MILYON DOLA NAN REJYON VIL NEW YORK LA NAN KAD SENKYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou revitalize Chinatown

Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati esansyèl nan estrateji global eta a pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Chinatown pral resevwa 20 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Vil New York la nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan senkyèm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo apre COVID-19 nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Chinatown sèvi kòm yon flanbo richès kiltirèl ak divèsite, pa jis pou Nouyòkè yo, men pou tout monn lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk rekonpans sa a, Chinatown pral briye ankò plis ak atenn tout potansyèl li kòm yon kominote dinamik ak yon destinasyon atistik ak kiltirèl entènasyonal. Investisman piblik estratejik tankou sa deklanche yon sik asandan revitalizasyon ki pran pwòp lavi li nan ranfòse fyète kominote a, kreye yon bri pozitif ak atire investisman sektè prive".

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Chinatown rejwenn kounye a yon lis kominote motive k ap ogmante atravè Eta a ki te transfòme anba lavil yo atravè pwogram inovatè ak nasyonal sa a. Prim sa pral ede asire yon rekiperasyon ekitab pou kominote vital sa a epi pral ankouraje renesans nan reyamenajman anba lavil la k ap pwopaje ak fleri atravè Eta New York".

DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire redevlopman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Nan faz sa a, Gouvènè Hochul te double finansman soti nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) deside si pou nonmen de benefisyè 10 milyon dola yo oswa yon

benefisyè 20 milyon dola pou pwojè reyamenajman transfòmatè ak katalizè anba lavil. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba vil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme anba vil la ak maksimize plis envestisman prive ak piblik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a pou anba lavil la.

Chinatown

Chinatown pral itilize prim 20 milyon dola DRI a pou itilize istwa li kòm yon destinasyon kiltirèl pou kapab prezève ak retounen katye a kòm yon zòn anba lavil ki dinamik. Chinatown te deja lanse plizyè pwojè kontinyèl ak planifye ki te kreye lajwa ak dinamis pou plis revitalizasyon, sa gen ladan restorasyon Moniman Komemoratif Kimalu, plizyè pwojè lojman abòdab ak pou moun aje epi plizyè pwojè rezistans nan pwopriyete NYCHA yo. DRI Chinatown lan pral itilize pwogrè sa a nan kreye nouvo espas atistik ak kiltirèl, amelyore konektivite, ogmante lojman ak elaji espas vèt pou atenn objektif li nan konstwi yon motè ekonomik atistik ak kiltirèl, atire touris ak vizitè rejyonal, solidifye katye a kòm yon mezon kiltirèl pou 1.2 milyon abitan Zile Pasifik Azyatik Ameriken (Asian American Pacific Islander, AAPI) k ap viv nan zòn tren New York la ak amelyore kalite lavi nan katye a.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la (New York City Regional Economic Development Council, NYC REDC) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan rejyon an, epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Chinatown kòm nonminen li pou gayan:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèmman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan envestisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi

- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmatè ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Viktwa Chinatown nan kad senkyèm faz DRI a ba li dwa pou li resevwa 20 milyon dola nan finansman ak investisman eta pou revitalize katye anba lavil li yo epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm. Chinatown rejwenn kounye a Jamaica, Bronx, Anba Lavil Brooklyn ak Staten Island, ki te gayan rejyon Vil New York nan kad premye nan kat faz DRI yo, respektivman.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development lan, Kevin Younis, te deklare, "Angajman sibler yo konsewa pou revigore ak transfòme katye anba lavil yo se yon eleman esansyèl nan estrateji devlopman ekonomik Eta a. Prim 20 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral katalize pwojè reyamenajman yo nan Chinatown ki pral ankouraje kwasans biznis, pwomouvwa touris, kreye travay ak ranfòse rezistans ekonomik katye a".

Sekretè Eta a, Rossana Rosado te deklare, "Chinatown se yon destinasyon kiltirèl pou anpil vizitè toupatou nan monn lan. Avèk investisman istorik sa a atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Chinatown pral itilize òf atistik ak kiltirèl ki deja dinamik li yo, kreye nouvo opòtinite lojman ak ankouraje yon sans kominotè ki pi solid pou sila yo ki rele Chinatown lakay".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Chinatown te batay tèmman di epi avèk anpil siksè pou kenbe idantite inik li, epi investisman 20 milyon dola sa a pral fè katye ikonik ak dinamik sa a ankò pi rich kiltirèlman ak solid ekonomikman. Se yon gwo jou pou Chinatown ak moun ki apresye li epi ki viv la--kòm yon katye ak kay, epi kòm yon kominote vrè ak enèjetik. Pandan n ap kòmanse rekiperyasyon nou apre pandemi COVID la, lidèchip Gouvènè Hochul te mete Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la nan yon lòt nivo, sa ki double finansman li ak asire li gen yon enpak imedyat ak transfòmatè sou katye yo nan eta sa a".

Reprezantan Nydia Velázquez, te deklare, "Mwen fyè pou m reprezante yon gran pati nan Lower East Side ak Chinatown nan Kongrè a, epi mwen konnen finansman sa a ki soti nan men Eta a pral kontribiye anpil pou asire Chinatown rete kominote dinamik, kiltirèl ki trè selèb toupatou nan monn lan. Soti nan pwomosyon espas vèt, pase nan lojman, transpò ak lòt pwojè kominotè kle, prim sa a pral ede revitalize Chinatown pou rezidan ak vizitè yo".

Senatè Brian Kavanagh te deklare, "Petèt okenn kominote pa te rive wè yon enpak si negatif sou ti biznis yo pandan de dènye ane yo pase Chinatown, pandan pandemi an te fè ravaj, fòse anpil magazen ak restoran fèmen. Fon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a pral ranfòse efò kominote sa a pou rekonstwi ak rekipere. Mwen te kontan rejwenn Prezidan Minisipalite Gale Brewer ak kolèg nou yo pou sipòte aplikasyon pou fon sa yo, epi mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou angajman kontinyèl li pou asire ke Nouyòkè yo jwenn soulajman yo bezwen ak merite".

Manm Asanble a Yuh-Line Niou te deklare, "Kominote Chinatown lan te soufri yon fason ki pa pwopòsyonèl nan yon mank istorik finansman eta a ak ravaj pandemi aktyèl nou an. Envestisman 20 milyon dola sa a pral anplifye vizyon kominotè nou pou revitalizasyon ekonomik. Chinatown se yon pati santral sou kiyès nou ye kòm Nouyòkè epi mwen eksite pou m wè kominote nou an jwenn respè ak rekonesans ke yo souvan refize li. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, òganizasyon kominotè enkwayab yo ki te defann finansman sa a, ak kolèg eli mwen yo ki te batay avèk mwen ki te rann moman sa a posib".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York, Winston Fisher, Patnè nan Fisher Brothers ak Félix V. Matos Rodriguez, Chanselye CUNY, te deklare, "NYCREDC fyè pou li sipòte renesans Chinatown pou rezidan ak vizitè yo atravè senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Finansman sa a pral ankouraje pwojè ki alimante kwasans ekonomik ak estimile anba lavil dinamik ki egziste a kote moun kapab viv, travay ak jwe".

Prezidan Awondisman Manhattan nan Gale A. Brewer te deklare, "Gras ak Gouvènè Hochul, Chinatown, sila ki frape an premye ak pi di anvan ak pandan pandemi an pral gide rekiperasyon ekonomik vil nou an gras ak yon sibvansyon 20 milyon dola mwen te defann ak soumèt. Chinatown se yon pwèn ankraj kiltirèl ak istorik ki enpòtan pou prezan ak avni kominote Chinwa Ameriken ak Azyatik Ameriken pa sèlman nan New York men pou tout rejyon nòdès la. Lè ou di Chinatown, ou panse ak sa nan Vil New York la. Angajman mwen pou rekiperasyon ekonomik minisipalite sa a ak vil sa a inbranlab menm si se rejyon nò oswa sid. Mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul dèske li avèk Chinatown ak kominote AAPI a jodi a ak pou efò li pou revitalize jèm kiltirèl ak ekonomik sa a".

Manm Konsèy la, Margaret Chin, te deklare, "Travay depre avèk biwo Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Gale Brewer, ak Kowalisyon pou Revitalize Chinatown lan, nou te soumèt yon pwopozisyon konplè ak vizyonè ki pral pote envestisman ki endispansab nan Chinatown. Youn nan twa pwojè ankraj yo, k ap amelyore Kimlau Square patikilyèman espesyal pou mwen. Nan jen, Memoryal Lagè Kimlau a te tounen premye moniman NYC ki gen rapò ak istwa Chinwa Ameriken. Chinatown ak kominote Chinwa-Ameriken an te afekte anpil akòz COVID ak monte santiman anti-azyatik la. Envestisman 20 milyon dola sa a, ki te posib nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, reprezante yon nouvo chapit pou Chinatown - twa pwojè ankraj yo onore istwa nou pandan n ap konstwi avni nou, relanse motè ekonomik la pandan n ap envesti nan pwogram atistik pou rezidan ak amelyore kalite lavi nan reyimajine espas ouvri ak sekirite pyeton".

Prezidan Konsèy Think!Chinatown, Amy Chin, te deklare, "Chinatown se yon trezò kiltirèl ak ekonomik pou kominote AAPI yo epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede Chinatown tounen apre pandemi sa a pi solid ke jamè. Mèsi Gouvènè Hochul pou gwo envestisman sa a nan revitalizasyon Chinatown ak pou lidèchip ou nan sipòte kominote nou an. Mwen pa ka tann pou m travay avèk Gouvènè a ak lidè lokal yo pou

pote Chinatown nan lòt nivo kòm yon destinasyon global. Chinatown se yon jwayo Eta New York epi isit la pou rete!"

Prezidan Chinese-American Planning Council la, Wayne Ho, te deklare, "Lidè Gouvènman an yo ak òganizasyon kominotè yo reyini pou leve kominote AAPI a avèk revitalizasyon sa a se yon etap ekstraòdinè vè eliminasyon ane enjistis yo. Nou felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a epi pa ka tann tout sa li pral pote pou Chinatown".

Jo-Ann Yoo, ki se Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik la, te deklare, "Nouyòkè Azyatik Ameriken yo merite santi yo an sekirite ak jwenn sipò moun eli yo pou reprezante yo. Avèk anons jodi a, Gouvènè Hochul ap pran mezi pou pote sekirite ak sipò sa nan kominote Chinatown lan. Revitalizasyon sa a pral kontribiyè anpil pou montre vizitè yo bote Chinatown ak pèmèt li pwospere".

Prezidan CCBA, Justin Yu, te deklare, "Pandan twò lontan, Chinatown ak enpak li sou ekonomi New York la te neglije. Mèsi, Gouvènè Hochul, dèske ou finalman asire sant kiltirèl sa a jwenn atansyon ak sipò li merite nan gouvènman nou an. Nou pa ka tann pou wè tout sa li pral pote pou kominote sa a".

Direktè Egzekitif AAFE, Thomas Yu, te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li rekonèt doulè kominote Chinatown lan te sibi nan pandemi an ak dèske li rekonèt gwo potansyèl li pou tounen pote eksperyans kiltirèl eksepsyonèl ke yo rekonèt li pou sa nan monn lan. Avèk finansman enpòtan sa a, biznis ak fanmi yo isit la gen yon chans inik pou leve kanpe ankò."

Chinatown pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 400,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 20 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou Chinatown pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pou anba lavil Chinatown pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 20 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Anba Lavil la

[Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. Inisyativ la reprezante yon estrateji planifye-pou-aji ki inovan e san presedan ki asosye planifikasyon estratejik ansanm ak yon mizannè vmedya.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse ak maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou ranvèsè chanjman klimatik ak pwomouvwa jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sè yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekiritè, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadremman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsònèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Development, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)